

caldera	kaldera	gwo ouvèti an fòm sèk ki fòme lè somè vòlkan an efondre.
cambium	kanbyòm	tisi vaskilè ki pwodui selil zilèm ak floyèm lè yon plant ap grandi.
capillary	kapilè	veso sangen mikwoskopik ki konekte atè yo ak venn yo; li gen pawa trè fen epi li pèmèt sibstans nitritif ak oksijèn gaye andedan selil kò yo; li pèmèt tou dechè chimik yo ak dyoksid kabòn sòti nan selil kò yo.
carbohydrate	kabonidrat	sibstans nitritif ki konn sèvis kòm sous prensipal enèji kò a.
carbon cycle	sik kabòn	modèl ki dekri fason molekil kabòn yo deplase ant kreyati ki vivan ak kreyati ki pa vivan.
carbon film	fim kabòn	rezidi fim kabòn mens ki konsève kòm yon fosil.
carbon monoxide	monoksid kabòn	gaz enkolò (san koulè) ak inodò (san odè) ki diminye oksijèn ki nan san an; yo jwenn gaz sa a nan mòflè machin, epi gaz la lakòz polisyon lè a.
cardiac muscle	misk kadyak	misk ki estriye envolontèman ki nan kè a sèlman.
carnivore	kanivò	zannimo ki manje sèlman lòt zannimo oswa kadav lòt zannimo; mamifè ki gen gwo dan kanin file ak misk machwa puisan pou manje chè.
carrier wave	onn pòtez	frekans espesifik ki

		asiyen pou yon estasyon radyo pou li sèvi pou emèt siyal.
carrying capacity	kapasite pòtez	pi gwo kantite moun yon espès espesyal yon ekosistèm ka sipòte nan yon tan.
cartilage	katilaj	tisi di epi fleksib ki asosye ak vètèb yo epi ki fòme avèk tout oswa yon pati andoskelèt vètèbre a; nan kò moun, se yon kouch tisi epè, lis, fleksib ak glisan ki kouvri pwent zo yo, ki fè mouvman an vin pi fasil lè li diminye friksyon an epi ki absòbe chòk yo.
cast	depouy	yon kalite fosil kò ki fòme lè kristal yo plen yon tewo oswa lè sediman yo lave andedan yon tewo epi yo vin di andedan wòch.
catalyst	katalizè	sibstans ki fè yon reyaksyon chimik fèt pi vit san li pa chanje nèt.
cathode-ray tube	tib katodik	tib a vid fèmen ki pwodui youn oswa plis reyon elektwon ki pwodui yon imaj lè yo touche anwobaj ki andedan yon ekran televizyon.
cave	gwòt	ouvèti anba tè ki ka fòme lè nap freyatik asidik fonn kalkè a.
cell membrane	manbràn selilè	kouvèti pwotektif sou deyò tout selil ki kontwòle entè-aksyon ant selil ak anviwònman an.
cell theory	teyori selilè	endike tout òganis

		fòm avèk youn oswa plis selil, selil la se inite debaz lavi, epi selil yo sòti nan lòt selil.
cell wall	pawa selilè	estrikti rijid ki antoure, sipòte ak pwoteje selil plant yo, alg yo, chanpiyon yo ak pifò bateri.
cell	selil	pi piti inite yon òganis ki ka antreteni fonksyon lavi yo.
cellulose	seliloz	konpoze chimik ki gen sik; li fòm fib ki mele ansanm nan pawa selilè anpil plant epi li bay estrikti ak sipò.
cementation	semantasyon	pwosesis fòmasyon wòch sedimantè kote grenn sediman yo asosye ak siman natirèl ki pwodui lè dlo a ap deplase atravè wòch ak tè.
Cenozoic Era	Epò Senozoyik	epòk lavi resan ki te kòmanse depi apeprè 66 milyon ane epi ki kontinye jodi a; epòk sa a gen ladan premye aparisyon Omo Sapyens depi apeprè 400,000 ane.
central nervous system	sistèm nève santral	divizyon sistèm nève a, li fòm avèk sèvo a ak mwal epinyè a.
centripetal acceleration	akselerasyon santripèd	akselerasyon yon objè nan direksyon sant yon trajektwa koube oswa sikilè.
centripetal force	fòs santripèd	yon fòs nè ki dirije nan sant yon trajektwa koube oswa sikilè.
ceramics	seramik	matyè soup ki prepare avèk ajil oswa melanj ki tankou ajil avèk

		epi ki gen pwopriyete ki ka pèsonalize; li pwodui nan yon pwosesis kote yo modle yon objè epi yo chofe li awot tanperati, sa ki ogmante dansite objè a.
cerebellum	sèvèl	pati sèvo a ki kontwole mouvman misk volontè yo, ki antreteni tonis miskilè a epi ki ede konsève ekilib.
cerebrum	serebwòm	pi gwo pati sèvo a; se nan pati sa a memwa a estoke, mouvman yo kontwole epi enfli nève ki soti nan sans yo entèprete.
chain reaction	reyaksyon an chenn	seri reyaksyon fisyon k ap fèt san rete.
channel	kanal	fent ki kreye lè dlo ap desann.
charging by contact	chajman pa kontak	pwosesis pou transfere chaj ant objè lè yo an kontak oswa lè y ap fwote.
charging by induction	chajman pa endiksyon	pwosesis pou reranje elektwon sou yon objè net lè yo pote yon objè chaje toupre li.
chemical bond	lyezon chimik	fòs ki kenbe atòm yo ansanm nan yon konpoze.
chemical change	chanjman chimik	chanjman yon sibstans nan yon nouvo sibstans.
chemical digestion	dijesyon chimik	fèt lè anzim ak lòt pwodui chimik transfòme gwo molekil manje an sa ki pi piti
chemical equation	ekwasyon chimik	metòd estenografik pou dekri reyaksyon chimik ki itilize fòmil ak lòt senbòl chimik.
chemical formula	fòmil chimik	estenografi chimik ki

		itilize senbòl pou endike ki eleman ki nan yon konpoze ak rapò yo.
chemical potential energy	enèji potansyèl chimik	enèji ki estoke nan lyezon chimik.
chemical property	pwopriyete chimik	nenpòt karakteristik yon sibstans, tankou flamabilite, ki endike si li ka sibi yon sèten chanjman chimik.
chemical reaction	reyaksyon chimik	pwosesis kote youn oswa plis sibstans chanje an nouvo sibstans.
chemical weathering	degradasyon chimik	fèt lè reyakasyon chimik yo transfòme mineral yo an wòch oswa chanje yo an mineral diferan.
chemosynthesis	chimyosentèz	pwosesis ki pèmèt pwodiktè yo fè molekil avèk pwodui chimik; molekil nitritif sa yo gen anpil enèji.
chemotherapy	chimyoterapi	itilizasyon pwodui chimik pou detwi selil kansè yo.
chlorofluorocarbons (CFCs)	klowofliyokabòn (CFCs)	gwoup konpoze chimik ki sèvi nan frijidè, klimatizè, anbalaj mous ak pilverizatè ayewosòl ki ka antre nan atmosfè epi detwi ozòn nan.
chlorophyll	klowofil	pigman vèt ki konsève limyè nan klowoplast epi ki enpòtan nan fotosentèz.
chloroplast	klowoplast	òganèl vèt selil vejetal; li gen klowofil epi li itilize enèji limyè pou pwodui sik nan dyoksid kabòn ak dlo.
chordate	kòde	zannimo ki gen yon notokòd, yon kòdon

		nève, pòch vantral farengal ak yon ke pòsnatal ki prezan nan kèk etap nan devlopman li.
chromosome	kwomozòm	estrikti nan yon nwayo selil ki gen sibstans ereditè.
chromosphere	kwomosfè	kouch atmosfè solèy la ki anwo fotosfè a.
chyme	chim	pwodui likid disjesyon.
cilia	sil	nan pwotis yo, se estrikti kout ak filifòm ki elaji nan manbràn selilè yon silye epi pèmèt òganis lan deplase vit.
cinder cone volcano	vòlkan kòn sann	vòlkan ki gen kote apik, ki akimile san pwoblèm epi ki fòme lè tefra tonbe sou tè.
circuit	sikui	bouk konduit kote yon kouran elektrik ka pase.
cleavage	klivaj	pwopriyete fizik kèk mineral ki lakòz yo kase sou sifas lis ak plat.
climate	klima	kondisyon metewolojik mwayen yon zòn pou yon peryòd tan, avèk tou van, tanperati ak presipitasyon (lapli, bwouya) oswa lòt kalite presipitasyon tankou nèj oswa nèj fonn.
climax community	kominote klimasik	dènnye etap estab siksesyon ekolojik kote gen ekilib alapas pètibasyon.
closed circulatory system	sistèm sikilatwa fèmen	sistèm sikilasyon san kote san an deplase atravè kò a nan veso ki fèmen.
cloud chamber	chanm Wilsonn	detektè radyasyon ki

	(chanm a bil)	itilize vapè dlo oswa vapè etanòl pou detekte trajektwa patikil chaje yo.
coal	chabon	wòch sedimantè ki fòm nan sibstans vejetal ki dekonpoze; se konbistib fosil ki pi abondan nan monn lan.
cochlea	kokle	estrikti ki plen likid nan zòrèy entèn nan kote vibrasyon son yo konvèti an enfli nève ki ale nan sèvo a.
coefficient	koyefisyan	chif nan yon ekwasyon chimik ki reprezante kantite inite chak sibstans ki fè pati nan yon reyaksyon chimik.
coherent light	limyè koyeran	limyè yon longèdonn senp ki pwopaje nan yon sèl direksyon avèk krèt ak kre li yo aliye.
colloid	koloyid	melanj etewojèn ki gen patikil ki pa janm ranje.
combustion reaction	reyaksyon konbistyon	yon kalite reyaksyon chimik ki fèt lè yon sibstans reyaji avèk oksijèn pou pwodui enèji sou fòm chalè ak limyè.
comet	komèt	objè espasyal ki fòm avèk patikil pousyè ak wòch ki melanje avèk dlo jele, metàn ak amonyak ki fòm yon koma klere lè li avanse toupren latè.
commensalism	kòmansalis	yon kalite relasyon senbyotik kote yon òganis jwenn avantaj san lòt òganis lan pa afekte.
community	kominote	tout popilasyon

		diferans espès k ap viv nan yon ekosistèm.
compaction	konpakasyon	pwosesis ki fòme wòch sedimantè lè kouch sediman yo konprese akòz gwosè kouch ki anwo yo.
composite volcano	vòlkan konpozit	vòlkan ki fòme pa altènans eripsyon eksplozif ak silansye ki pwodui kouch tefra ak lav; yo jwenn vòlkan sa a kote plak tè yo reyini epi yon yon plak anfonse anba lòt.
composite	konpozit	melanj de (2) sibstans, youn ladan yo anfonse anba lòt la.
compound machine	machin konpoze	machin ki se yon konbinezon de (2) oswa plis machin senp.
compound	konpoze	atòm plis pase yon kalite eleman ki konekte ansanm chimikman.
compressional wave	onn konpresyon	yon onn kote matyè ki omilye a deplase nan toulède sans nan direksyon onn lan ap pwopaje a.
concave lens	lantiy konkav	yon lantiy ki pi epè nan bò yo pase nan sant li; li fè reyon limyè yo divèje epi li fòme imaj ki redui, dwat ak vityèl; epi, anjeneral, li itilize ansanm avèk lòt lantiy.
concave mirror	miwa konkav	yon sifas reflechisan ki koube pa anndan epi ki ka gwosi objè yo oswa kreye feso limyè.
condensation	kondansasyon	pwosesis ki fè vapè dlo chanje an likid.

conditioning	kondisyònman	fèt lè repons yon estimilis resevwa asosye avèk yon lòt estimilis.
conduction	kondiksyon	transfè enèji ki fèt lè molekil yo antre youn nan lòt.
conductivity	kondiktibilite	pwopriyete metal ak alyaj ki pèmèt chalè oswa chaj elektrik pase atravè matyè a san pwoblèm.
conductor	kondiktè	matyè, tankou fil kuiv, kote elektwon yo ka deplase san pwoblèm.
conic projection	pwojeksyon konik	kat jeyografik ki fèt lè yo pwojekte pwen ak liy yon glòb sou yon kòn.
conservation	konsèvasyon	itilizasyon resous avèk prekosyon pou diminye domaj anviwònman an menm si metòd yo se pou fè konpòs ak materyo yo oswa ak resikle yo.
constant	konstan	nan yon eksperyans, se yon varyab ki pa chanje pandan lòt varyab yo ap chanje.
constellation	konstelasyon	gwoup zetwal ki fòmè chema nan syèl la ki sanble ak yon objè moun konnen (Balans), zannimo (Pegaz) oswa karaktè (Oryon).
consumer	konsomatè	òganis ki pa ka kreye molekil ki rich an enèji men ki jwenn manje li lè li manje lòt òganis yo.
continental drift	deriv kontinan	ipotèz Wejenè ki endike tout kontinan te fòmè yon senp mas tè nan tan lontan ; mas tè sa a detache

		depi apeprè 200 milyon ane pou li ale lantman nan pozisyon kontinan yo ye kounye a.
continental shelf	plato kontinantal	pwent an pant gradyèl yon kontinan k ap pwolonje nan oseyan an.
continental slope	pant kontinantal	karakteristik basen oseyan ki plonje an pant rapid anba plato kontinantal la.
contour farming	agrikilti kontou	plantasyon toutolon kontou natirèl tè a pou diminye ewozyon tè a.
contour feathers	plim kontou	plim lejè ak solid ki ba zwazo yo koulè ak fòm yo epi ki itilize pou vole.
contour line	koub ipsometrik	liy sou yon kat jeyografik ki konekte pwen altitud egal yo.
control	kontwòl	estanda ki itilize pou konpare rezilta yon tès.
convection current	kouran konveksyon	kouran nan manto latè ki transfere chalè andedan tè a epi k ap mennen fòs pou plak tektonik yo.
convection	konveksyon	transfè enèji tèmik ki nan yon likid ant de (2) espas avèk mouvman likid ki pi cho oswa pi frèt.
convex lens	lantiy konvèks	yon lantiy ki pi epè nan mitan pase nan bò yo epi ki ka fòme imaj reyèl oswa vityèl.
convex mirror	miwa konvèks	yon sifas reflechisan ki koube deyò epi ki fòme yon imaj reldi, dwat ak vityèl.
coral reef	resif koray	ekosistèm divès ki fòme nan kokiyo karonat kalsyòm koray yo

		sekrete.
Coriolis effect	efè Koryolis	lakòz lè ak dlo ki an mouvman vire agòch nan emisfè oksidantal epi vire adwat nan emisfè oryantal akòz wotasyon tè a.
cornea	kòne	kouvèti transparan ki sou glòb zye a; se atravè kouvèti sa a limyè antre nan zye a.
corona	kouwòn	kouch atmosfè solèy ki pi gwo epi ki lwen; li deplwaye sou anpil milyon kilomèt nan lespas epi li gen yon tanperati ki mezire apeprè 2 milyon K.
coronary circulation	sikilasyon kowonè	sikilasyon san ki ale epi ki sòti nan tisi kè a.
courtship behavior	konpòtman sediksyon	konpòtman ki pèmèt mal ak femèl menm espès la rekonèt youn lòt epi pou yo prepare pou akouple.
covalent bond	lyezon kovalan	atraksyon ki fòme ant atòm yo lè yo pataje elektwon.
crater	kratè	depresyon ki gen miray apik ozalantou chemine yon vòlkan.
creep	glisman lan	yon kalite mouvman mas kote sediman yo desann nan pant lan trè lantman ; li komen nan zòn konjelasyon ak dekonjelasyon, epitou li ka lakòz miray, pyebwa ak kloti yo panche ant pant.
crest	krèt	pi wo point yon onn.
critical mass	mas kritik	kantite matyè fisib ki nesesè pou chak reyasyon fisyon pwodui apeprè youn oswa plis reyasyon fisyon.

crop	jabo	sak sistèm dijestif kote vè tè estoke nan tè ki vale a.
crystal	kristal	solid kote atòm yo range nan yon estrikti regilye k ap repete.
cuticle	kitikil	kouch sire ak pwotektif ki kouvri tij, fèy ak flè anpil plant epi ki ede evite pèt dlo.
cyanobacteria	syanobakteri	bakteri fosfosentetik ki gen klowofil; savan yo panse se youn nan premye fòm lavi.
cyclic behavior	konpòtman siklik	konpòtman ki fèt nan estrikti ki repete.
cytoplasm	sitoplas	melanj tankou koloyid ki an mouvman san rete andedan manbràn selilè ki gen matyè ereditè epi ki se espas pifò pwosesis lavi yon selil.